

COVID-19

AK VWAYAJ



Tès COVID-19 mwen an te pozitif. Kilè mwen ka vwayaje?

Si w gen sentom COVID-19, ou sipoze izole w san danje lakay ou oswa nan yon otèl pou omwen 10 jou apre sentom ou yo kòmanse. Sentom COVID-19 yo gen ladan yo fyèv, frison, tous, souf kout, difikilte pou respire, fatig, doulè nan misk oswa nan kò, tèt fè mal, pa pran gou oswa pa pran sant sanzatann, gòj fè mal, nen bouche, nen k ap koule, anvi vomi, vomisman, oswa dyare. **Ou sipoze anile nepòt vwayaj ou ta pwograme pandan moman sa.** Ou ka vwayaje apre 10 jou si w pa t gen lafyèv pandan 24 è (san w pa pran medikaman pou lafyèv) epi si sentom ou yo te amelyore tou.

Si w pa gen sentom COVID-19, ou sipoze izole w san danje lakay ou oswa nan yon otèl pou omwen 10 jou apre ou fin pase tès COVID-19 ki pozitif la. **Ou sipoze anile nepòt vwayaj ou ta pwograme pandan moman sa a.** Si w devlope sentom COVID-19 la pandan 10 jou sa yo, suiv gid pou moun ki gen sentom yo.

Èske mwen ka vwayaje pi bonè si mwen repase tès la ankò epi rezulta tès mwen an negatif?

Non. Yon rezulta negatif ke yon dezyèm tès bay pa chanje lè ou sipoze vwayaje a. Ou sipoze izole w san danje lakay ou oswa nan yon otèl pou 10 jou omwen apre ou fin pase yon tès COVID-19 ki pozitif. Si w gen sentom, ou sipoze rete lakay ou oswa nan yon otèl pou omwen 10 jou apre premye sentom lan kòmanse.

Pou plis enfòmasyon, al gade nan testandtrace.nyc oswa rele nan **212-COVID19**.

Tès COVID-19 mwen an negatif men m ap vwayaje ak yon moun ki gen tès li ki pozitif. Èske m ap ka toujou vwayaje?

Non, ou pa ka vwayaje epi ou sipoze ranvwaye vwayaj ou a pou omwen 11 jou.

Si w pase 10 minit oswa plis nan mwens pase sis pye bò kote yon moun ki gen tès COVID-19 li ki pozitif, ou gen risk pou w trape COVID-19. Pou w pwoteje moun ki nan antouraj ou, ou sipoze izole w san danje lakay ou oswa nan yon otèl pou 10 jou apre w fin gen yon kontak sere ak moun k ap vwayaje avè w la.

Kòman mwen ka jwenn yon chanm otèl gratis pou mwen izole m san danje?

NYC Test & Trace Corps ofri chanm otèl gratis bay nepòt moun oswa vizitè ki bezwen mete kò yo apa san danje nan Vil Nouyòk. Pou plis enfòmasyon, rele nan 212-COVID19 (212-268-4319).

Mwen pa gen asirans sante oswa yon founisè swen sante nan Vil Nouyòk. Kote mwen ka jwenn èd medikal?


Ou ka rele nan 844-NYC-4NYC (844-692-4692) pou w pale ak yon founisè swen sante, kenepòt estati imigran ou ta genyen oswa posibilité pou w peye.

**NYC
HEALTH +
HOSPITALS**

JL
Test & Trace
Corps


KISA OU KA FÈ POU W KONBAT COVID-19

TÈS




Konnen
kondisyon w.
Pran tès
COVID-19 la
san ou pa
bezwen peye
anyen.

RETRASE



Reponn apèl
Pwofesyonèl ki
la pou retrase
kontak yo pou
ede w kanpe
pwopagasyon
COVID-19 la nan
kominote w la.

PRAN SWEN



Izole w an
sekirite pou w
pwoteje lòt yo
ak pran swen
w nan yon otèl
oswa nan kay.

NYC Test & Trace Corps angaje l pou l pwoteje konfidansyalite ak sekirite
enfòmasyon pèsonèl ak sante w. Tout enfòmasyon nou resevwa yo
konfidansyèl epi pwoteje dapre Kòd Sante Vil Nouyòk la. Test & Trace Corps
pa pral poze okenn kesyon sou sitiyasyon imigrasyon pèsòn.

**NYC
HEALTH+
HOSPITALS**

JL
Test & Trace
Corps